

Chè Fonksyonè PA/PTA :

Kòm mwen sèten ou konnen, eleksyon pou Konsèy Edikasyon pou kominote *Community Education Council* (CEC) ak Konsèy minisipal pou Edikasyon *Citywide Education Council* ap fèt nan mwa Me 2011. Pou premye fwa, dapre règleman yo fèk amande yo, fonksyonè Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA)/Asosyasyon Pwofesè-Paran *Parent-Teacher Association* (PTA) kalifye pou poze kandidati yo pou eleksyon nan CEC ak Konsèy minisipal yo.

Men, Prezidan, Trezorye & Sekretè ki pou ekri kontrandi PA/PTA yo k ap poze kandidati yo pou yon pòs nan CEC oswa Konsèy minisipal pa kalifye pou vote kòm Selektè paran nan vòt ofisyèl y ap fè pou CEC yo ak Konsèy minisipal yo. Pi ba a, nou dekri nòm ofisyèl onivo fason pou detèmine kiyès ki kalifye pou sèvi kòm Selektè Paran.

1. Pou Prezidan, Trezorye ak Sekretè ki pou ekri kontrandi pou PA/PTA, ki pa kalifye pou poze kandidati yo pou yo eli yo nan yon CEC oswa Konsèy minisipal.
  - Chak fonksyonè sa yo ka vote kòm yon Selektè paran nan eleksyon CEC oswa Konsèy minisipal k ap fèt nan mwa Me.
2. Pou PA/PTA yo ki gen yon Prezidan, Trezorye oswa Sekretè ki pou ekri kontrandi ki p ap poze kandidati yo nan eleksyon yon CEC oswa Konsèy minisipal, kote pa gen ko-fonksyonè.
  - Tout manm PA/PTA yo dwe deziyen, atravè vòt ansanm manm yo, yonn nan pwòp manm yo ki p ap poze kandidati li pou yo eli l nan yon CEC oswa Konsèy minisipal pou sèvi kòm Selektè paran alapas Prezidan an, Trezorye a, oswa Sekretè ki pou ekri kontrandi ki p ap poze kandidati l kòm yon kandida pou yon plas nan Konsèy la. Nan sitiasyon sa yo, PA/PTA a dwe voye yon lèt pou fè konnen anvan 1ye me 2011, idantite moun (yo) ke l deziyen pou sèvi kòm yon Selektè paran, ba :

*The Office for Family Information and Action*  
*49 Chambers Street, Suite 503*  
*New York, NY 10007*
3. Pou PA/PTA yo ki gen Ko-Prezidan, Ko-Trezorye, oswa Ko-Sekretè, kote yonn nan ko-fonksyonè yo poze kandidati l pou yo eli l nan yon CEC oswa Konsèy minisipal, men lòt ko-fonksyonè a p ap poze kandidati l.
  - Ko-fonksyonè ki p ap poze kandidati l pou eleksyon an vin otomatikman Selektè paran an.
4. Pou PA/PTA yo ki gen ko-fonksyonè (Ko-Prezidan, Ko-Trezorye, oswa Ko-Sekretè), kote toude ko-fonksyonè yo ap poze kandidati yo pou yo eli yo nan yon CEC oswa Konsèy minisipal.
  - Gwoup manm PA/PTA a dwe deziyen, atravè vòt gwoup manm yo, yonn nan pwòp manm li yo ki p ap poze kandidati l pou yo eli l nan yon CEC oswa Konsèy minisipal pou sèvi kòm yon Selektè paran alapas Ko-Prezidan, Ko-Trezorye, Ko-Sekretè ki p ap poze kandidati yo kòm kandida pou yon pòs nan konsèy la. Nan ka sa yo, PA/PTA a dwe voye yon lèt pou fè konnen anvan 1ye me 2011, idantite moun (yo) ke l deziyen pou sèvi kòm Selektè Paran, nan menm adrès nou mete pi wo a.